# JÁMIYETIMIZDIŃ RAWAJLANÍWÍNDA QÁWIPLI ILLET

Jaslar orayında Mámleketlik xızmetler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması tárepinen «Korrupciyaǵa qarsı gúresiw-bárshemizdiń wazıypamız» atamasında ushırasıw bolıp ótti.

«Korrupciya-qáwipli illet» súreni astında ótkerilgen ilajda shıǵıp sóylegenlerdiń atap ótkenindey, bul illetke qarsı gúresiw tek huqıq qorǵaw uyımlarınıń emes, al, bársheniń wazıypası bolıp tabıladı. BMShtıń «Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında»ǵı konvenciyasında belgilep qoyılǵanınday, korrupciya-bul jámiyetti túrli jollar menen qarmaǵına ilindiretuǵın qorqınıshlı illet bolıp tabıladı. Ol demokratiya hám huqıq ústinligi tiykarlarına zıyan keltiredi, insan huqıqlarınıń buzılıwına alıp keledi, shólkemlesken jınayatshılıq, terrorizm hám basqa illetlerdiń rawajlanıwına tiykar jaratadı.

Image not found or type unknown

Korrupciya jámiyettiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwına alıp keledi hám tosqınlıq etip, elimizdiń konstituciyalıq tiykarlarınıń buzılıwına, xalıqtıń turmıs dárejesiniń jaqsılanıwına qáwip saladı. Sonıń ushın da oǵan qarsı gúresiw dúnya júziniń barlıq ellerinde áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp kelmekte.

Image not found or type unknown

Haqıyqatında da, nızam ústin bolǵan hár qanday jámiyette alǵa ilgerilew, rawajlanıw boladı. Insanlarda ullı keleshekke úmit hám alǵa talpınıw tuyǵısı júzege keledi. Mámleketlik uyımlardıń jumısında korrupciyaǵa jol qoyılıwı bolsa, rawajlanıwǵa tosqınlıq etip, olarǵa bolǵan isenimsizliktiń artıwına sebepshi boladı. Bul haqqında Prezidentimiz «Jámiyetimizde korrupciya illeti óziniń túrli kórinisleri menen rawajlanıwımızǵa tosıq bolmaqta»,-dep atap ótken edi.

Mámleketlik xızmetler agentligi Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması, qalalıq hám rayonlıq mámleketlik xızmetler oraylarda bul illetke qarsı gúresiw boyınsha bir qatar ilajlar ámelge asırılmaqta. Huqıq qorǵaw uyımları menen birgelikte xızmetkerlerdi hadallıqqa, páklikke, ádalatlı bolıwǵa shaqırıwshı úgit-násiyat jumısları turaqlı túrde alıp barılmaqta.

Ilaj sońında korrupciya jolına adasıp kirip qalǵanlardıń ayanıshlı turmısına baǵıshlanǵan videofilm qoyıp berildi. Bunday ilajlar xızmetkerlerdi hadal miynet arqalı kún keshiriwge, jat illetlerden awlaq bolıwǵa shaqıradı.

Mámleketlik xızmetler agentligi
Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasınıń
jámiyetshilik hám ǴXQ menen baylanıslar bólimi